

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl sekirite pou siklòn

Siklòn se gwo tanpèt ki kreye danje kimenase lavi moun ak byen yo tankou inondasyon, vag tanpèt, gwo van ak tònad.

Preparasyon se pibon pwoteksyon kont danje siklòn.

Aprann diferans ki genyen yo

Siveyans siklòn—Pral gen kondisyon lameteyo ki koresponn ak siklòn e ki pral menase zòn lan anvan 36 èdtan fin pase. Al gade plan pou siklòn ou, kontinye pran eenfòmasyon e pare kò w pou aji sizoka yo te emèt yon avètisman.

Avètisman siklòn—Pral gen kondisyon lameteyo ki koresponn ak siklòn e ki pral menase zòn lan anvan 24 èdtan fin pase. Fini fè tout preparasyon pou loraj la e kite zòn la si otorite yo rekòmande pou w fè sa.

Kisa mwen ta dwe fè ?



- Koute Radyo Lameteyo NOAA pou kapab jwenn enfòmasyon enpòtan ki sòti nan sèvis nasyonal lameteyo (NWS).
- Tcheke founiti pou dezaz ou e ranplase oswa refè estòk ou, si se nesèsè.
- Pote nenpòt ki bagay van an tan ka brote (bisiklèt, mèb pou jaden an).
- Fèmen fenèt, pòt ak pano anti-siklòn yo. Si w pa genyen okenn gwo pano kont siklòn yo, fèmen e klouwe planch sou tout fenèt ak pòt yo avèk plywood.
- Mete refrijeratè ak frizè a sou degre ki pi frèt la e kenbe yo fèmen jan sa posib pou manje a rete pi lontan, sizoka ta gen blakawout.
- Etenn tank pwopann yo e dekonekteti aparèy yo.
- Ranpli tank gaz machin ou.
- Pale avèk moun ki abite avèk ou e fè yon plan evakyasyon. Planifye e pratike plan evakyasyon ou kapab redwi konfizyon ak lakrentiv lè evènman an rive tout bon vre.
- Aprann plis enfòmasyon konsènan plan repons kominote w pou siklòn. Planifye wout w ap pran yo pou rive nan abri lokal, enskri manm nan fanmi w ki gen bezwen medikal epesyal, si se nesèsè, e fè plan pou konnen sa w pral fè ak bèt ouyo e kimoun ki pral swen yo.
- Evakye si otorite yo rekòmande sa. Fè atansyon pou evite wout ki inonde ak pon ki anba dlo.
- Poutèt asirans estandan pwopriyete kay yo pa kouvri inondasyon, li enpòtan pou benefisyè pwoteksyon kont inondasyon ki konn rive lè siklòn yo ap apse, loraj twopikal, gwo lapli ansnam ak lòt kondisyon lameteyo ki afekte Etazini. Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon osijè asirans kont inondasyon, tanpri vizite sit wèb pwogram nasyonal asirans kont inondasyon nan www.fema.gov/business/nfip.

Ki founiti mwen ta bezwen ?



- Dlo—yon rezèv pou omwen 3 jou; yon galon pa moun pa jou
- Manje—yon rezèv pou omwen 3 jou manje ki pa gate fasil e ki fasil pou pare
- Yon flach
- Yon radyo avèk pil oswa avèk yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib)
- Rezèv pil
- Twous premye swen
- Medikaman (rezèv pou 7 jou) ak atik medikal (aparèy pou tande byen avèk yon rezèv pil, linèt, lantiy kontak, sereng, baton pou mache)
- Outil miltifonksyonèl
- Atik sanitè ak pou ijyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak lòt enfòmasyon medikal enpòtan, dokiman ki pwouve kote w rete a, tit pwopriyete/kontra lokasyon kay ou, paspò, batistè kontra asirans)
- Selilè avèk chajè yo
- Nimewo kote pou kontakte fanmi w ak pèsònèl ijans
- Lajan kach
- Dra kouvèti pou ijans
- Plan zòn la
- Atik pou tibebe (bibwon, melanj pou tibebe, manjepou tibebe, kouchèt)
- Atik pou bèt (kolye, lès, idantite, manje, bwat pou pote yo, bòl)
- Zouti/founiti pou ranfòse kay ou
- Yon lòt seri kle pou louvri machin ou e pou louvri pòt lakay ou
- Rad, chapo ak soulye ki solid
- Rad pou lapli
- Prodwi anti-moustik ak ekran solè
- Kamera pou pran foto domaj yo

Kisa pou m fè apre yon siklòn ?



- Kontinye tande Radyo Lameteyo NOAA oswa nouvèl lokal pou kapab okourandènye enfòmasyon yo.
- Atann ou aske gen anpil lapli ki tonbe einondasyon ki debake menmsi siklòn oswa loraj twopikal la ale.
- Si w pa kapab evakye, tounen lakay ou sèlmanlè anplwaye gouvènman an di w pa gen danje.
- Pran machin ou sèlman si se nesèsè e evite wout ki inonde ak pon ki anba dlo yo.
- Pa pwoche kab elektrik ki lach oswa k ap pann e rapòte yo touswit ba konpayi elektrisite a.
- Pa antre nan okenn bilding kote gen dlo toutotou li.
- Enspekte kay ou pou wè si li te sibi domaj. Pran foto domaj yo bilding la te sibi ak domaj sa ki andedan bilding la te sibi tou pou montre l ba konpayi asirans ou.
- Sèvi ak flach nan fè nwa. PA sèvi ak bouji
- Evite bwè oswa pare manje ak dlo ki sòti nan robinè a jiskaske ou konnen li pa kontamine tout bon.
- Tcheke manje ki te nan frijidè a pou wè si li pa gate. Si ou gen yon dout, jete li.
- Mete rad ki kapab pwoteje ou e fè atansyon lè w ap netwaye pou evite ou pa blese.
- Siveye bèt yo sere e kenbe yoanba kontwòl ou.
- Sèvi ak telefòn la sèlman pou rele pou yon ijans.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si yon siklòn oubyen kèlkeswa dezaz la te pase sou kominote w, enskri tèt ou nan sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele An sekirite ak anfòm ki disponib grasa redcross.org/safeandwell pou kite fanmi w ak zanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rel **1-800-723-2767** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.



Si w bezwen plis enfòmasyon sou preparasyon pou dezaz ak ijans, ale nan redcross.org.